

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XVIII – 2 AGUSTUS 2020

Gedung Induk Papringan, jam 06.30 WIB

Pepanthen Nologaten, jam 08.30 WIB

1. Pacawisan: Imam Pandonga ing Konsistori

2. **Liturgos** : “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus Kristus, syalom. Minangka Pradataning Pasamuwan, kula ngaturaken sugeng enjang, lan sugeng rawuh dhumateng Bapak, Ibu saha Sadherek sadaya wonten ing pangibadah enjang punika. Mugi kasarasan lan karahayon tansah wonten panjenengan sadaya. Saderengipun pangibadah kawiwitan, kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos greja, Minggu, 2 Agustus 2020, ingkang mekaten suraosipun: (**Maosaken Pawartos Pasamuwan**). Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos online kagem pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten dalem, utawi lumantar selebaran ingkang sampun kacawisaken ing ngajeng greja.
- Pasamuwan kinasih, sumangga kanthi bingahing manah kita sami murwakan pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 31 : pada 1 lan 2 “Swawi Pra Suci Nyawiji”....*Pasamuwan katuran jumeneng***

- (1) Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,
sami ngabekti memuji mring Gusti.
Ajrih, sumelang, sedhiih, lan kasangsaran
ginantos kabegjan sihing Pangeran.
- (2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbengrat,
ngetang mukijat lan gunging sih-rahmat.
Lubering berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

3. Votum tuwin Salam Karaharjan :

(*Pasamuwan Jumeneng*)

- Pendeta** : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :
Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwalh ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwalh Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing Bapak, Ibu lan Sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
Amin Amin Amin

(*Liturgos : Pasamuwan kula aturi lenggah*)

4. **Lektor** : **Waosan Sabda Introitus : Jabur 17 : 1 - 7, 15** (*Pasamuwan Lenggah*)
Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**
Jemaah : **“Puji sokur konjuk Gusti”**
5. **Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, Gusti Allah tansah ngadhepaken pasuryanipun dhumateng kita sadaya. Gusti Allah punika kebak ing sih rahmat, satemah tansah ngluwari kita sadaya saking tiyang ingkang sami mbalela. Pramila kita sambet sih-rahmatipun Gusti kanthi memuji Asmanipun lumantar **Kidung Pasamuwan Jawi 175 : pada 1 lan 3 “Neng Gunung Wah Neng Ngare”**

- (1) Nèng gunung wah nèng ngaré, Gusti Allah ana.
Nyanga ngendi paranku, mesthi ana uga.
Endi kang dadi cipta lan osiking ati,
kabèh mesthi kapirsan ing Allah Hyang Widi.
- (3) Bumi dalasan swarga wengkoné Pangéran.
Jasad gedhé - ciliika, Allah tan klimengan.
Saliring kang tumitah sajagad warata
tansah anélakaké piwlas lan kwasanya.

6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan : Mateus 22 : 37 - 40

7. Imam : Pangakening Dosa

Imam : “Bapak, Ibu, lan Sadherek kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, Allah mboten nate nilar kita sadaya kanthi sih katresnanipun ingkang tanpa winates. Kanthi katresnanipun, Gusti ugi paring wewucal supados kita ugi tresnan tinresnan dhumateng sesami. Namung kita punika kebak ing dosa, satemah tansah kesupen kaliyan punapa ingkang kedah kita tindakaken. Pramila sumangga kita sami pasrah lan sumarah wonten ing Gusti, kita sami nyawisaken manah lumebet ing pamratobat. Kita purwakan kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 52 : pada 1** “**Gusti Sestu Kula Nelingsa”**

Gusti sestu kula nalingsa, awit asring mbalela,
damel sekel galih Paduka, kelu ombyaking donya.
Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura, sinucekken sing dosa.
Mugi manah kula kaenggalna, mituhu Paduka.

8. Imam : Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:

“Dhuh Allah ingkang welas asih, sinten ta kula punika Gusti, satemah Paduka tansah nresnani kawula kanthi katresnan sejati, sanadyan sayektosipun kawula punika cubluk ing manah, kirang setya dhumateng Paduka. Kawula dereng nresnani Paduka tuwin sesami, kados punapa ingkang sampun Paduka dhawuhaken dhumateng kawula. Pramila wonten wekdal punika kanthi andhap asor, kawula marek sowan wonten ing ngarsa Paduka, nyuwun lumunturing sih kawelasan Paduka, satemah kawula saged nglajengaken lampah miturut dhawuh Paduka, kanthi panuntuning Roh Suci. Atur pamratobat kawula punika, kawula unjukaken wonten ngarsa Paduka lumantar Pangen kawula Gusti Yesus Kristus. Amin.”

9. Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Efesus 2 : 4 - 5

10. Pendeta : Pangatag-atag Gesang Anyar : Efesus 2 : 10

11. Liturgos : “Gusti Allah pranyata welas asih. Katresnanipun tansah lumuber tumrap kita sadaya. Mboten namung punika, Gusti Allah ugi sampun paring karahayon lan pangapuntening dosa sanadyan kathah kalepatan-kalepatan kita. Pramila sumangga kita sami nglampahi padamelan ingkang sae mujudaken punapa ingkang dados titahipun. Kita sanggemi pawartos sih-rahmat lan pangatag-atag gesang anyar kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 159 : pada 1 lan 5** “**Gesang Kawula”.....*Pasamuwan kula aturi jumeneng*:**

- | | |
|---|--|
| (1) Gesang kawula, Gusti,
lumados mring Paduka.
Saben kula makarti,
Paduka kang makarya. | (5) Gesang ing sawetahnya
Paduka kang kagungan.
Gusti jumeneng raja
ngantos dugeng wekasan. |
|---|--|

12. WEDHARING SABDANIPUN GUSTI:

(Pasamuwan Lenggah)

Pendeta : Maosaken : MATEUS 14 : 13 - 21

**Pendeta : “Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan
nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”**

**Psmwn : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale-luya Hale-luya Hale - lu - ya**

- Irah-irahan** : “**Kita Sampun Nampeni Berkah, Mila Kita Kedah Andum Berkah”**
Ancas : **Pasamuwan ngraosaken kemirahaning Allah wonten ing panggesanganipun lan sami kajurung mujudaken kamirahan tumrap sesami.**

13. Kempaling Pisungsung

Imam: “Pasamuwan ingkang kinasih, kita sampun mirengaken sabdanipun Gusti, ingkang sampun kabeber kanthi gamblang, satemah saget kawujudaken wonen ing gesang padintenan inggih punika mujudaken kamirahan tumrap sesami. Pramila minangka atur panuwun awit lubering berkah saking Gusti, sumangga kita ngaturaken pisungsung Minggu, Wulanan, utawi Mirungan. Pisungsung minggu mawi kanthong 1 lan 2 kacawisaken kagem pasamuwan, lan kanthong 3 kacawisaken kagem panyengkuyung dana pengadaan rumah emeritus. Atur pisungsung kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetalesing atur panuwun, ingkang sinerat ing **1 Babad 29 : 14**, mekaten suraosipun: “**Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, dene ula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdene sapunika punika?** Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sani kaula unjukaken **dhumateng Paduka punika.**”

Imam : Kempaling pisungsung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 416 : pada 1 dumugi sacekapipun “Saprakara Kang Pantes”**

- | | |
|---|--|
| (1) Saprakara kang pantes de'n upadi,
ye'ku Kratoning Allah Sang Rama.
Samubarang pinaringken tumuli,
anger sumuyud jroning pracaya. | <u>Refr:</u> Kabeh mung nglaha, kabeh mung nglaha.
Sarwa kadonyan wus mesthi sirna.
Mung sihe' Allah kang langgeng slamanya.
Tyang kang ngayom wus mesthi raha'rja. |
| (2) Drajad, kasugihan, wah kasenengan, ginayuh kanthi margi utami.
Aywa lali kang aji lan sejati, yeku setya wah nunggil lan Gusti..... <u>Refr:</u> | |
| (3) Sagung kadonyan ingkang kadarbya, iku sranane' mbabarken tresna.
Ye'n duge'ng janji tan badhe' binekta, mung gesang langgeng bandha ing swarga..... <u>Refr:</u> | |

14. Pendeta : Pandonga Sokur lan Syafaat

(*Pasamuwan Lenggah*)

15. Liturgos : Sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli....Pasamuwan kula aturi jumeneng**

16. Pendeta : Berkah

17. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika, kondur kalayan nyuraosi sabdaning Gusti lan matrapaken wonten ing gesang padintenan. Pangibadah katutup kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 438 : pada 1 “Gusti, Paduka Ngirid Lampah Kula”**

Gusti, Paduka ngirid lampah kula. Kula ndherek Paduka salaminya.
Kawula datan saged milih margi. Mugi sapurug kula, Gusti nganthing.

18. Liturgos: “Pasamuwan kinasih, pangibadah minggu punika sampun purna, Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapak/Ibu Pandhita....., ingkang sampun medharaken sabdaning Gusti, para petugas PPI ingkang sampun lelados satemah pangibadah saged kaleksanan kanthi lancar, semanten ugi dhumateng Pasamuwan ingkan sampun rawuh. Sugeng kondur, sumangga tansah njagi kasarasan kanthi netepi punapa ingkang dados protokol kesehatan Covid-19. Sugeng dinten minggu, Gusti Paring Berkah.”